

## Refi pou Bay Konsantman pou Tout Patisipan yo

Mwen rekonèt ke lè mwen siyen fòm sila a, m ap REFIZE BAY KONSANTMAN pou TOUT Pwofesyonèl Swen Sante, Responsab Peman ak Konpayi Asirans, avèk tou, tout founisè ki fè pati estaf yo a, pou yo gen aksè a enfòmasyon sante mwen atravè NY Care Information Gateway, pou kèlkeswa rezon an, *menmsi ta gen yon ka dijans medikal*.

Mwen konnen ke:

1. Pwofesyonèl Swen Sante, Responsab Peman yo oswa Konpayi Asirans ke mwen te deja bay otorizasyon yo, ka te gen aksè a enfòmasyon sou sante mwen pandan konsantman orijinal mwen an te anvigè epitou yo ka te kopye oswa mete enfòmasyon sa a nan dosye yo. Byenke mwen deside refize bay konsantman mwen pou tout antite ki liste pi wo yo, Pwofesyonèl Swen Sante, Responsab Peman oswa Konpayi Asirans sa yo, pa oblije retounen enfòmasyon sa a ni retire li nan dosye yo.
2. Refi pou Konsantman sila a konsène TOUT Pwofesyonèl Swen Sante, Responsab Peman ak Konpayi Asirans ki gen aksè a enfòmasyon atravè NY Care Information Gateway.
3. Sa ka pran plizyè jou pou yo trete Refi pou Bay Konsantman sa a.
4. Mwen konnen ke, si mwen siyen refi pou bay konsantman sa a, l ap rete anvigè jiskaske mwen anile l. Sa vle di ke mwen p ap kapab otorize okenn Pwofesyonèl Swen Sante, Responsab Peman oswa Konpayi Asirans pou yo gen aksè a enfòmasyon sante mwen atravè NY Care Information Gateway etan refi pou bay konsantman sa a anvigè. Si mwen ta renmen anile refi pou bay konsantman sa a, mwen ka fè sa nenpòt lè depi mwen kontakte NY Care Information Gateway pa imèl nan [privacy@nycig.org](mailto:privacy@nycig.org) oswa depi mwen rele yo nan 212.601.1987 epi avize NY Care Information Gateway ke mwen vle anile Refi pou Bay Konsantman pou Tout Patisipan yo.
5. Pa dwe gen okenn Patisipan nan NY Care Information Gateway ki refize banm tretman medikal akoz mwen soumèt Refi pou Bay Konsantman sa a.

---

Ekri Tout Non Pasyan an, ak Lèt detache

Dat Nesans Pasyan an

---

Adrès/Vil/Eta/Kòd Postal Pasyan an

Nimewo Telefòn/Imèl

---

Siyati Pasyan an oswa Reprèzantan Legal Pasyan an

Dat

---

Non Reprèzantan Legal Pasyan an, Ekri ak Lèt detache  
(si sa aplikab)

Kisa Reprèzantan Legal la ye pou Pasyan an  
(si sa aplikab)

### NOTÈ PIBLIK

Yo te siyen dokiman sila a devan mwen nan dat jodiya ki se \_\_\_\_ye/yèm jou nan mwad \_\_\_\_\_ 20\_\_\_\_.

Nan Konte \_\_\_\_\_ ki nan eta \_\_\_\_\_.

---

Non Notè a Ekri ak Lèt Detache

Komisyon mwen ap ekspire nan dat: \_\_\_\_\_

---

Siyati Notè a

(So)

## **ENSTRIKSYON SOU KIJAN POU RETOUNEN FÒM SA A:**

Tanpri enprime, ranpli epi voye fòm sa a tounen swa pa:

**FAKS:** 631.250.9192 | **PA LAPÒS:** NY Care Information Gateway, 225 W. 34<sup>th</sup> Street, NYC, NY 10122